

# Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Premyè An





## Chif ki Rive nan 60, Adisyon ki rive nan 20 ak Soustraksyon ki soti nan 12



Chè Fanmi,


Nou ap kòmanse yon nouvo inite etid nan matematik ki rele Chif ki rive nan 60, Adisyon ki rive nan 20 e Soustraksyon ki soti nan 12. Inite etid sa a kontinye anpil nan travay ki te kòmanse okòmansman ane a epi li konsantre sou konte, adisyon, soustrè, chèche de (2) kimilatè pou yon nonb, ak siyifikasyon siy egal. Objektif enstriktif espesifik pitit ou pral travay sou yo a nan lis anba a avèk ekzanp ki montre konpreyansyon elèv yo sou chaj objektif enstriktif.

**Objektif Enstriktif:** Konte rive nan 60 kòmanse nan nenpòt chif, li e ekri chif nimerik rive nan 60, e reprezante jiska 60 objè avèk chif nimerik ekri.


Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv yo
<p>trase plis <math>\triangle</math>'s. yon fason pou gen 38 <math>\triangle</math>'s nan gwoup la.</p> 	

**Objektif Enstriktif:** Montre epi rezoud pwoblèm adisyon avèk yon total 20 ak pwoblèm soustraksyon nan yon total 12.


Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv yo	
<p>Lucas gen 9 blòk ble ak 6 blòk jòn. Konbyen blòk Lucas genyen?</p>	<p>"I drew 9 blocks. Then I"</p>  <p>Lucas has 15 blocks.</p> <p>"Mwen te trase 9 blòk. Answit mwen te trase 6 blòk anplis. Mwen te konte tout blòk yo pou rive nan total 15."</p>	<p>Itilize yon Liy Chif</p> <p>"Mwen te kòmanse ak 9 nan liy chif la epi m te konte 6 anplis. Mwen te abouti nan 15."</p>  <p>Lucas has 15 blocks.</p>

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv yo	
<p>Hadley te gen 11 etikèt. Li te bay frè li 4 etikèt. Konbyen etikèt Hadley gen konye a?</p>	<p>Trase Figi</p>  <p>Hadley has 7 stickers.</p> <p>"Mwen te trase 11 sèk pou etikèt. Mwen te bife 4 sèk pou montre kisa Hadley te bay frè li. Mwen te konte sa ki te rete yo pou bay 7."</p>	<p>Itilize yon Liy Chif</p>  <p>Hadley has 7 stickers.</p> <p>"Mwen te kòmanse ak 11 nan liy chif la. Mwen te konte annarè 4 fwa epi m konpe."</p>

**Objektif Enstriktif:** Separe nonb jiska 15 nan diferan fason.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Genyen 12 pèl nan yon braslè. Gen nan yo ki sou fòm kè e gen nan yo ki nan fòm etwal. Konbyen ki gen nan chak?</p>	

**Objektif Enstriktif:** Konprann siyifikasyon siy egal (=) epi verifye si yon ekwasyon vre oswa fo.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Eske ekwasyon sa vre ou fo? <math>7 + 3 = 6 + 4</math></p>	

**Bi Ansèyman sou Panse ak Pratik Matematik:** Itilize chif ak senbòl pou montre kisa ki ap pase nan sityasyon yo.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou nan inite etid sa a:

- **Konte Konbyen**  
Konte objè ki an grannonb tankou pwa ak santim ameriken.
- **Konbyen Mwen ap Sere?**  
Mete jiska 12 ti objè (twonbonn, pyès monnen, elatriye.) nan men ou. Mande pitit ou pou konte nonb objè ke w genyen nan men ou. Kache kèk nan objè yo nan lòt men ou epi montre pitit ou ki sa ki rete. Mande pitit ou pou detèmine konbyen objè ke ou kache.
- **Matematik ak Literati**  
Men kèk liv timoun ak ide ki gen rapò avèk travay nou nan inite etid matematik sa. Chèche yo nan bibliyotèk lokal piblik ou epi li yo avèk pitit ou.
  - Fish Eyes by Lois Ehlert
  - 12 Ways to Get to 11 by Eve Merriam
  - Math for All Seasons by Greg Tang

